



Chèltè/Abri Ijans Familyal-Massachusetts EA

Aplikasyon sa a disponib an anglè

Esto solicitud está disponible en español.

Aplikasyon sa a disponib an kreyòl ayisyen;

Este formulè está disponible em português

Es kandidatura sta disponivel na kriolu di Kabu Verdi.

Aplikasyon sa a se premye etap pou jwenn aksè nan chèltè familyal ijans ak lòt avantaj
Eta a ofri bay fanmi elijib ki pa gen okenn kote ki an sekirite pou yo rete.

**Nou pral poze w kesyon sou moun ou pral mennen avèk ou nan chèltè a. Nou rele yo
"manm fanmi w" nan aplikasyon sa a.**

Ede avèk Aplikasyon w lan



**Sa a se yon dokiman enpòtan. Anvan ou kòmanse, tanpri konnen ke nou la pou
asire ke ou ka byen konprann li epi ranpli li.**

Èske gen yon moun ou ta renmen ede ou avèk aplikasyon sa a? (Nou ka kontakte moun sa a.)

Wi Non

Si wi, ki moun sa a epi ki jan nou ka kontakte l?

Èske ou bezwen èd nan men nou pou ranpli
aplikasyon sa a?

Wi Non

Èske w bezwen èd pou rasanble epi ban nou
dokiman pou aplikasyon w lan?

Wi Non

Ou bezwen èd paske ou pa
pale oswa li angle byen?

Wi Non

Ki lang prensipal ou?



Ede avèk Aplikasyon w lan

Si ou gen yon pwoblèm sante ki fè li difisil pou ou fè yon bagay, ou ka mande èd. (Yon pwoblèm sante kapab fizik, mantal, oswa emosyonèl.)

Èske ou bezwen èd pou ranpli aplikasyon sa a akòz yon pwoblèm sante?

Wi Non

Ki kalite èd ou bezwen?

Si ou bezwen èd, ou ka kanpe la epi di nou.

Enfòmasyon w yo

Dat Jodi a (Mwa/Jou/Ane)

Non ou

Siw gin yon lot non nan non ou ou

kapap mete li la (si sa aplikab)

Siyati ou

Nimewo Telefòn

Imèl

Dat Nesans (Mwa/Jou/Ane)

Sèks

- Fanm (Tifi, si se timoun)
- Gason (Ti gason, si se timoun)
- Idantite Kiltirèl Espesifik (egzanp De Lespri)
- Transjan
- Pa ni gason ni fi
- Kesyon
- Idantite Diferan
- Pa konnen
- Mwen prefere pa reponn

Èske ou menm oswa yon moun nan fanmi ou nan sèvis militè aktif nan US?

Wi Non



Enfòmasyon w

Ras ak Orijin Etnik

- Endyen Ameriken/Natif Natal Alaska oswa Endijèn
- Azyatik oswa Azyatik Ameriken
- Nwa, Afriken Ameriken, oswa Afriken
- Panyòl/Latina/e/o
- Mwayen Oryan oswa Afrik Dinò
- Natif Awayi oswa Zile Pasifik
- Blan
- Pa konnen
- Mwen prefere pa reponn

Adrès / Kontak

Adrès kote w rete a

Vil

Eta

Kòd Postal

Telefòn

Imèl

Adrès

Adrès postal (si li diferan de kote w rete a)

Vil

Eta

Kòd Postal

Èske w tap viv nan Massachusetts plis ke 90 jou? (Repons ou yo pa pral afekte kalifikasyon ou pou abri.)

Wi Non

Si non, ki dat ou te rive nan Massachusetts? (Mwa/Jou/Ane)

Kontak Ijans ou

Non Konplè

Telefòn

Imèl



Kiyès ki ap Aplike?

Avek konbyen lot moun ou ap aplike san konte tèt ou?

Konbyen moun ki poko gen 21 ane?

Èske ou menm oswa yon manm fanmi ou ansent? Wi Non

(Yo pral mande w enfòmasyon sou manm fanmi an pita nan aplikasyon sa a.)

Revni Fanmi an

Tanpri mete revni **TOUT MOUN** ki pral nan abri a avèk ou.

Sous Revni	Total Tout Revni (Dènye 30 jou)
Revni nan travay (salè, travayè endepandan, elatriye)	
Lajan gouvènman an ba ou (SSDI, asistans lajan kach, elatriye. Pa enkli SNAP, kupon pou manje.)	
Lajan yon moun konn ba ou ki pap aplike pou chèltè avèk ou. (sipò pou timoun, pansyon alimantè, oswa lòt lajan ou resevwa regilyèman)	
Lòt ed ou jwenn (ede peye bill ou yo oswa lot revni ke ou ginyin)	
Total	

Revni Fanmi an

Èske revni fanmi ou chanje dènyèman, oswa ou espere ke li pral chanje byento?

Wi Non

Si wi, tanpri ban nou plis detay: (Pa egzanp, yon mounn pèdi travay yo tou dènyèman oswa pèdi le nan travay yo)

Byen Fanmi a/ Atik ki gen Valè

Tanpri mete byen **TOUT MOUN** ki pral abite avèk ou.

Kesyon 1. Èske ou menm oswa yon manm fanmi ou gen yon kont bank oswa yon kont retrèt? Si wi, tanpri ranpli seksyon ki anba a:

Kont Kanet bank ou avek Kont Retrèt	Valè Byen ki ladan yo
Kont an Bank (Verifikasyon, Epay)	
Kont Retrèt (IRA, 401K)	



Byen Fanmi an/ Atik ki gen Valè

Kesyon 2. Èske fanmi w posede plis ke yon sel machin?

Si Non, ou ka ale nan kesyon 3. Si wi, tanpri ranpli seksyon sa a:

	Machin 1	Machin 2
Mak Machin lan		
Modèl Machin lan		
Ane Machin lan		
Estimasyon Mileyaj		
Si ou dwe Kob sou machin lan, konbyen ou dwe?		

Kesyon 3. Tanpri endike tout lòt byen ki gen valè oswa pwopriyete tout manm fanmi an posede:

Lòt Pwopriyete	Valè Byen an

Estatimigrasyon Famlyal

Èske omwen youn nan manm fanmi ou se yon sitwayen ameriken?

Wi Non

Èske gen yon moun nan fanmi ou ki gen yon Kat rezidans?

Wi Non

Èske gen yon moun nan fanmi ou ki gen lòt estati imigrasyon Ozetazini? Pa egzanp: TPS, F-1, B-2, U-Visa, T-Visa, elatriye.

Wi Non

Si manm fanmi ou yo pa gen okenn lòt estati imigrasyon, èske gouvènman ameriken an kite yon moun nan fanmi ou ap viv Ozetazini san yo pa eseye fè l kite touswit?*

Wi Non

Si ou pa sèten, tanpri eksplike:

* Sa a rele tou rezidans pèmanan anba kouvèti lalwa. Pa egzanp: I-94, Aplikasyon pou Azil Annatant (I-589), Demann Annatant pou Sitwayènte (I-130).



Opsyon Lojman

Tanpri reponn 3 kesyon sa yo si w te nan Massachusetts pou mwens Ke 90 jou, epitou ki pa gen okenn moun nan fanmi w ki se yon sitwayen ameriken ni ki gen yon Kat rezidans. N ap poze kesyon sa yo pou ede w jwenn sèvis ou ka bezwen yo. (Repons ou yo pa pral afekte elijiblite ou pou abri.)

Ki dat ou te antre Ozetazini?

--	--	--	--	--	--

Endike tout peyi kote ou gen sitwayènte jodi a. (Pa enkli Etazini)

--

Ki nimewo dosye w la ki nan tribinal imigrasyon an? (Yo rele sa tou nimewo A ou)

--

(Pi devan nan fòm lan, nou pral bezwen enfòmasyon sou tout manm fanmi ou ki pral rete nan chèlètè a avèk ou..)

Estatè Imigrasyon Famlyal

Si pa gen okenn moun nan fanmi ou ki se yon sitwayen ameriken oswa ki gen yon Kat rezidans, tanpri reponn 2 kesyon ki vin apre yo. Repons ou yo ap fè nou konnen si w bezwen èd pou w chèche yon pèmi travay nan men gouvènman ameriken an. (Repons ou yo pa pral afekte elijiblite ou pou yon chèlètè)

Èske gen yon moun nan fanmi ou ki gen yon pèmi travay nan men gouvènman ameriken an pou travay isit la?

Wi Non

Si Non, èske gen yon moun nan fanmi w k ap tann desizyon gouvènman ameriken an pou aplikasyon pèmi travay li?

Wi Non

Rezidans Massachusetts

Èske ou menm oswa yon manm fanmi w ap viv nan Massachusetts?

Wi Non

Èske w prevwa rete nan Massachusetts, oswa èske w planifye pou w ----- al viv /rete yon lòt kote?

Prevwa rete

Prevwa demenaje al viv yon lòt kote



Opsyon Lojman

Ki kote ou te rete yè swa?

Ki kote ou te rete pandan 90 jou ki sot pase yo?

(Tanpri mete adrès, dat ou te antre/vini nan plas sa a, avek dat ou te kite a, non, nimewo telefòn moun ki ki te ba ou fe ladesann lan, oswa non pwopriyetè ak rezon ki fè ou te kite. Si w bezwen plis espas, tanpri itilize paj 14. Mete tout eleman ki nan lis isit la.)

Opsyon Lojman

Èske ou ka rete, kote ou te yo, aswè a?

Wi Non

Si wi, konbyen tan ou ka fe la?

Si non, pouki pa?

Èske youn nan kote sa yo se lojman piblik
oswa kay lete- sibvansyone? Se kalite
lojman kote lwaye a chanje si revni lokatè
a chanje.

Wi Non

Si wi, tanpri eksplike:



Opsyon Lojman

Èske gen yon moun ki gen yon andikap
oswa yon pwoblèm medikal ki anpeche w
rete kote ou te ye yo?

Wi Non

Èske te gen vyolans kont yon moun nan
fanmi ou nan youn nan kote sa yo? Èske
gen moun k ap viv nan youn nan kote sa
yo ki te blese/fe yon moun nan fanmi w
mal?

Wi Non

Enpòtan!! *Nou ta renmen kontakte moun ou te
rete avèk yo nan 30 dènye jou yo pou wè si yo pral
kite w rete avèk yo.*

Èske w pè pou yon moun ta fè w oswa yon
manm fanmi w mal si nou kontakte li?

Wi Non

Si wi, èske gen yon moun ki an sekirite
nou ka kontakte ki ka di nou poukisa ou
pè?

Wi Non



Opsyon Lojman

Si w ap kite nou rele moun ou te rete ak yo a, tanpri bay non yo ak nimewo telefòn yo:

Non

Nimewo Telefòn

Non

Nimewo Telefòn

Non

Nimewo Telefòn

Non

Nimewo Telefòn

Rezon ki fè w Sanzabri

Kesyon 1. Ki jan ou fe vin sanzabri? Tanpri chwazi sityasyon ki pi bon pou ou:

- Vyolans Domestik oswa abi
- Ekspilsyon (yon jij te bay lòd pou ou kite, oswa ou te siyen yon "Akò pou Jijman" nan tribinal.)
- Kay mwen pa an sekirite pou fanmi mwen viv ladan
- Dife, inondasyon, oswa dezaz natirèl
- Yo te mande poum' kite yon Pwogram ki rele Lavi Adolesan
- Si nou pa antre nan chèltè jodi a, nou pral dòmi nan yon kote ki pa fèt pou moun rete. (Pa egzanp, yon machin oswa yon lopital)
- Lòt rezon (Si w chwazi, tanpri eksplike)



Rezon ki fè w Sanzabri

Kesyon 2. Reponn sèlman si ou tcheke "Ekspilsyon" nan Kesyon 1. Yo ap ekspilse m (mete m deyò) paske: *(tcheke tout sa ki aplike)*

- Kondanasyon: Gouvènman an te di moun pa ka viv nan kay mwen an
- Sezi: Pwopriyetè kay mwen an te remèt li bay bank lan oswa yon lòt moun (e se pa t fòt mwen)
- Kontra-lwaye Pa renouvle: Mèt kay mwen an pa t renouvle kontra-lwaye mwen an menm si mwen pa t vyole kontra-lwaye a.
- Konpòtman yon lòt moun: Aksyon yon moun mwen pa t gen kontwòl sou li. Moun sa a pa aplike pou chèltè avè m.
- Pa peye lwaye a:
 - Mwen pa t peye lwaye mwen akòz yon pwoblèm medikal oswa yon andikap. (Tanpri eksplike anba a)
 - Mwen pa t peye lwaye m paske fanmi m te pèdi revni. Pèt revni an se pa t fòt mwen.
 - Mwen pa t peye lwaye m paske revni fanmi m te diminye lè yon moun te demenaje.
 - Nenpòt ki lòt rezon. (Tanpri eksplike anba a)
- Aktivite Kriminèl:
 - Mwen te komèt krim nan paske yon agresè te fè m fè sa. Li t ap yon danje pou mwen si m pa t patisipe.
 - Mwen te komèt krim nan, men li te gen rapò ak yon pwoblèm medikal oswa andikap
 - Yon moun ki pa aplike pou refij avè m te komèt krim lan.
- Domaj sou Pwopriyete: Yon manm fanmi an te lakòz domaj sou pwopriyete:
 - Domaj pwopriyete a te fèt akòz vyolans domestik.
 - Domaj pwopriyete a te rezilta yon pwoblèm medikal oswa andikap
- Nenpòt ki lòt rezon. Tanpri eksplike:



Rezon ki fè w Sanzabri

Kesyon 3. Èske w te yon lokatè nan lojman piblik oswa kay lete- sibvansyone nan 3 dènye ane yo. *Se kalite lojman kote lwaye a chanje si revni lokatè a chanje.*

Nan dènye ane a, mwen te kite kalite lojman sa a san yo pa t ekspilse m.

Wi Non

Si wi, tanpri eksplike:

Nan 3 dènye ane yo, èske w te ekspilse nan kalite lojman sa a paske w pa t peye lwaye w?

Wi Non

Si wi, tanpri eksplike:

Nan 3 dènye ane yo, èske ou te ekspilse nan kalite lojman sa a pou fwod ou te komèt?

Wi Non

Si wi, tanpri eksplike poukisa:

Si ou reponn "Wi" pou youn nan kesyon ki sou bò gòch paj sa a:

Èske rezon ki fè yo te ekspilse w la te gen rapò ak yon andikap oswa yon pwoblèm medikal?

Wi Non

Èske rezon ki fè yo te mete w deyò a te gen rapò ak vyolans domestik?

Wi Non

Depi w te demenaje a, èske w te viv yon lòt kote pwopriyetè a te ba w pèmisyon pou w viv ladan?

Wi Non

Kesyon 4. Reponn sèlman si ou te tcheke "Mande pou kite yon Pwogram Lavi Adolesan" nan Kesyon 1. Èske yo te mande w kite **two** Pwogram Lavi Adolesan?

Wi Non

Si wi, tanpri eksplike rezon an (yo):



Enfòmasyon sou Manm Fanmi an

Tanpri ranpli pou tout manm fanmi ki pral rete avèk ou nan chèltè a

Non Konplè	Sèks*	Ras/Etnisite**	Relasyon ak Chèf Fanmi an	Dat Nesans

Tanpri itilize youn nan opsyon sa yo lè w ap ranpli kolòn Sèks ak Ras/Etnisite ki anwo yo.

* Opsyon sèks:		** Opsyon Ras/Etnisite:	
Fanm/Tifi	Questioning	Endyen Ameriken/Natif Natal Alaska oswa Endijèn	Natif Awayi oswa Zile Pasifik
Gason/Gason	Idantite Diferan	Azyatik oswa Azyatik Ameriken	Blan
Idantite espesifik kiltirèl	Pa konnen	Nwa, Afriken	Pa konnen
Transjan	Prefere pa Reponn	Panyòl/Latina/e/o	Prefere pa Reponn
Pa ni gason ni fi		Mwayen Oryan oswa Afrik Dinò	



Enfòmasyon sou Imigrasyon Familyal

Tanpri ranpli tablo ki anba a si w te nan Massachusetts pandan mwens ke 90 jou, epi pa gen okenn moun nan fanmi w ki se yon sitwayen ameriken ni ki gen yon ----Kat rezidans. N ap poze kesyon sa yo pou ede w jwenn sèvis ou ka bezwen yo. (Repons ou yo pa pral afekte elijiblite ou pou yon chèlètè.)

Non Konplè <small>(Non tout mounn)</small>	Ki dat ou te antre Ozetazin? <small>(MM/JJ/AAAA)</small>	Peyi Sitwayènte (Si gen plis pase youn, tanpri endike tout)	Ki nimewo dosye w la ki nan tribinal imigrasyon an? (Yo rele sa tou nimewo A ou)



Enfòmasyon Adisyonèl

Èske youn nan manm fanmi ou anrejistre nan Rejis Delenkan Seksyèl la kòm yon delenkan seksyèl Nivo 2 oswa Nivo 3? (Sa a pa pral afekte elijiblite ou pou chèlètè. Li ka afekte kote yo mete w nan chèlètè a.)

Wi Non

Si wi, tanpri ekri non yo ak nivo yo isit la:

Espas pou Ekriti Siplemanchè

Sèvi ak seksyon sa a si ou bezwen plis espas pou reponn yon kesyon sou fòm sa a.



Kalite Dokiman ki Nesesè

Nou pral mande w dokiman pou aplikasyon w lan. Nou pral kenbe enfòmasyon ou yo prive.

Dokiman nou bezwen anvan nou ka ofri w chèltè Fanmi

Ijans EA:

Prèw Idantite ak Relasyon Familyal:

Poukisa? Nou bezwen konnen plis sou ou menm ak pitit ou yo pou konfime nou tout fè pati yon sèl fanmi. Nan pwogram nan, yon fanmi dwe gen ladan yon timoun ki poko gen 21 ane oswa yon moun ki ansent. Yon fanmi kapab genyen ladan l tou:

- Paran oswa Gadyen
 - Mari/madanm
 - Frè ak sè
 - Boparan
 - Bofi/bèlfi
 - Demi frè/demi sè
 - Fanmi ki pran swen timoun nan
- Paske pa gen okenn paran nan fanmi

Lòt Dokiman nou bezwen:

Dokiman Rezidans MA:

Poukisa? Pwogram sa a se pou fanmi ki nan Massachusetts epi ki gen entansyon rete isit la.

Dokiman pou kòz sanzabri:

Poukisa? Nou ka sèlman ede fanmi ki sanzabri pou sèten rezon. Nou ka ede tou kèk fanmi ki pa gen yon kote ki an sekirite pou yo rete.

Enfòmasyon Finansye - Byen ak Revni:

Poukisa? Nou ka sèlman ede fanmi ki anba limit revni ak byen nou yo.

Dokiman Sitwayènte oswa Imigrasyon:

Poukisa? Omwen yon manm fanmi an dwe gen yon estati imigrasyon ki elijib.



Rekonesans



Tanpri li chak deklarasyon ak anpil atansyon, apre sa mete inisyal ou nan bwat ki anba yo:

Inisyal ou

Enfòmasyon nan aplikasyon sa a se verite dapre tout sa mwen konnen. Mwen konprann mwen oblije bay dokiman pou sipòte aplikasyon mwen an.

Inisyal ou

Mwen konprann EOHLC pral gade Rejis Delenkan Seksyèl la pou wè si yon manm fanmi an se yon delenkan seksyèl ki anrejistre. Sa a pa pral afekte kalifikasyon ou pou chètè. Sa ka afekte kote yo mete nou nan chètè a.

Inisyal ou

Mwen konprann si mwen kite oswa yo mete m deyò nan chètè a, mwen p ap elijib pou Chètè Familyal Ijans EA pandan 12 mwa.

Lè mwen siyen, mwen konfime aplikasyon sa a konplè. Mwen konfime enfòmasyon mwen bay yo kòrèk.

Siyati w

Dat (Mwa / Jou / Ane)

--	--	--	--	--	--

Siyati Lòt Adilt

Dat (Mwa / Jou / Ane)

--	--	--	--	--	--

Siyati Lòt Adilt

Dat (Mwa / Jou / Ane)

--	--	--	--	--	--

Siyati Lòt Adilt

Dat (Mwa / Jou / Ane)

--	--	--	--	--	--



Konsantman Volontè pou Pataje Enfòmasyon

Seksyon 1: Konsantman pou pataje ak resevwa enfòmasyon sou ou ak fanmi ou

Mwen konprann Biwo Egzekitif Lojman ak Kominote Vivab yo (EOHLC) ka bezwen enfòmasyon sou fanmi mwen nan men lòt moun pou chèche konnen si mwen elijib pou pwogram Asistans Ijans (EA).

Mwen bay pèmision pou nenpòt ajans gouvènman, òganizasyon, founisè medikal, konpayi, patwon, oswa moun pou pataje enfòmasyon sou mwen ak manm fanmi minè mwen yo avèk EOHLC. Mwen konprann enfòmasyon yo ka gen ladan kopi dosye papye oswa elektwonik.

Mwen konprann ke EOHLC ka bezwen pataje enfòmasyon sou fanmi mwen ak lòt moun pou jere pwogram EA a. Mwen konprann tou ke sa ka rive menm apre yo fin jwenn fanmi mwen elijib pou pwogram EA a. Mwen bay EOHLC pèmision pou pataje enfòmasyon sou mwen ak fanmi mwen avèk ajans gouvènman yo, chèchè, ak òganizasyon ki travay avèk EOHLC. Mwen konprann EOHLC toujou oblije konfòme l avèk lwa sou vi prive eta a.

Seksyon 2: Siyati tout Manm Fanmi ki se yon Adilt, Granmoun (ki gen 18 ane oswa plis)

Lè mwen siyen anba a, mwen bay EOHLC pèmision pou pataje ak resevwa enfòmasyon sou mwen ak manm fanmi minè ki mansyone nan fòm sa a.

Non Aplikasyon – Ekri li an Lèt Detache

Siyati Kandida a

Dat (Mwa/Jou/Ane)

--	--	--	--	--	--

Non Lòt Adilt -Ekri li an Lèt Detache

Siyati Lòt Adilt

Dat (Mwa/Jou/Ane)

--	--	--	--	--	--

Non Lòt Adilt ekri li an Lèt Detache

Siyati Lòt Adilt

Dat (Mwa/Jou/Ane)

--	--	--	--	--	--

Non Lòt Adilt ekri li an Lèt Detache

Siyati Lòt Adilt

Dat (Mwa/Jou/Ane)

--	--	--	--	--	--



Ki sa ki vini apre?

1. Soumèt Aplikasyon w:

Voye aplikasyon w ranpli a bay anplwaye EOHLC yo pa imèl oswa remèt li nan men.

2. Diskite sou Egzijans Dokiman yo:

Pale ak anplwaye EOHLC sou dokiman ki nesèsè yo. Yo pral ede w konprann sa w bezwen soumèt.

3. Rasanble ak Soumèt Dokiman yo:

Anplwaye yo pral di w ki dokiman nou bezwen pou mete w nan chèltè. Ou ka imèl oswa remèt nou dokiman yo nan men.

4. Revizyon EOHLC:

EOHLC pral revize avèk anpil atansyon sa ou te ban nou an. Anplwaye EOHLC yo ka kontakte w si nou gen kesyon.

5. Desizyon Elijiblite:

EOHLC pral fè w konnen desizyon sou aplikasyon w lan.

Nou la pou ede ou a chak etap nan wout la. Tanpri kontakte anplwaye EOHLC si w gen kesyon oswa si w bezwen èd. Pèsonèl ki te ede w avèk aplikasyon w lan se yon bon moun pou kontakte an premye.